# 1-KURS STUDENTLERI ADAPTACIYASINDA JEKE ÓZGESHELIKLERDIŃ TÁSIRI

**Karajanova Elvira Karajan qızı**
**Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı 1-kurs magistrantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.19763727**

**Annotaciya.** Usı maqalada 1-kurs studentleri adaptaciyasında jeke qásiyetlerdiń, ásirese temperament hám xarakter faktorlarınıń tásiri tereń analizlenedi. Izertlewde adaptaciya procesiniń psixologiyalıq mánisi jarıtılıp, onıń studenttiń individual-psixologiyalıq ózgesheliklerine baylanıslılıǵı tiykarlap beriledi. Sonday-aq, túrli temperament tiplerine tiykarlanıp beyimlesiw procesiniń tezligi hám sapası parıqlanıwı kórsetip ótiledi. Xarakter ózgeshelikleri bolsa adaptaciyanı basqarıwshı sociallıq faktor sıpatında tallanadı. Bunnan tısqarı, psixolog alımlardıń ilimiy kózqarasları tiykarında studentlerdiń beyimlesiw procesinde kommunikativlik, juwapkershilik hám emocional turaqlılıqtıń áhmiyeti ashıp beriledi. Nátiyjede, temperament hám xarakter úylesimi studenttiń tabıslı adaptaciyasın támiyinlewshi áhmiyetli faktor ekenligi sáwlelendiriledi.

**Tayanısh sózler:** adaptaciya, 1-kurs studentleri, temperament, xarakter, jeke ózgeshelikler, sociallıq beyimlesiw, emocional turaqlılıq, kommunikativlik, psixologiyalıq faktorlar, bilimlendiriw procesi.

Zamanagóy joqarı bilimlendiriw sistemasında studentlerdiń tabıslı oqıwı hám shaxs sıpatında qáliplesiwi, bárinen burın, olardıń jańa sociallıq hám akademiyalıq ortalıqqa beyimlese alıw dárejesi menen tikkeley baylanıslı bolıp, ásirese 1-kurs studentleri ushın bul process quramalı hám kóp basqıshlı xarakterge iye [5, 727-732]. Sebebi olar mektep ortalıǵınan joqarı bilimlendiriw sistemasına ótiw procesinde jańa talaplar, erkin turmıs tárizi, keń sociallıq qatnasıqlar hám joqarı juwapkershilik penen duslasadı, nátiyjede bul jaǵday olardıń psixologiyalıq jaǵdayına sezilerli tásir kórsetedi. Sonlıqtan, studentlerdiń beyimlesiw procesin túsindiriwde shaxstıń individual ózgeshelikleri, atap aytqanda temperament hám xarakter ayrıqsha áhmiyetke iye, sebebi, mine, usı faktorlar beyimlesiwdiń tezligi hám sapasın belgileytuǵın tiykarǵı determinantlar bolıp esaplanadı.

Bárinen burın, temperament insannıń tuwma psixofiziologiyalıq ózgesheliklerin bildirip, onıń emocional reakciyaları, iskerligi hám sırtqı tásirlerge juwap beriw tezligin belgileydi, sol sebepli ol adaptaciya procesiniń biologiyalıq tiykarın quraydı. Máselen, belsendi hám ashıq sangvinik temperamentke iye studentler ádette jańa ortalıqqa tez beyimlesedi, sociallıq baylanıslardı ańsat ornatadı hám oqıw procesine belsene kirisedi, nátiyjede olardıń beyimlesiwi qısqa múddette tabıslı ótedi. Kerisinshe, melanxolik temperament wákilleri sezgir hám abaylı bolǵanlıǵı sebepli jańa sharayatlarda kóbirek ishki qıyınshılıqlarǵa dus keledi, yaǵnıy stress dárejesi joqarı boladı hám beyimlesiw procesi tómenleydi. Sonıń menen birge, xolerik temperamentli studentler joqarı belsendiligi hám intalılıǵı menen ajıralıp tursa da, emocional turaqsızlıq sebepli geyde mashqalalarǵa dus keledi, flegmatikler bolsa turaqlı hám salmaqlı bolsa da, jańa ortalıqqa beyimlesiwde ázzilik kórsetedi, biraq olar beyimleskennen soń, turaqlı jumıs alıp baradı.

Sonıń menen birge, xarakter temperamentten parıqlı túrde sociallıq ortalıq, tárbiya hám tájiriybe tiykarında qáliplesedi, sonlıqtan ol adaptaciya procesinde basqarıwshı hám baǵdarlawshı faktor sıpatında áhmiyetli rol atqaradı. Atap aytqanda, juwapkershilik, intizamlılıq, ǵárezsizlik hám kommunikativlik sıyaqlı unamlı xarakter qásiyetleri studenttiń jańa sharayatlarga tez beyimlesiwin támiyinleydi, sebebi bunday studentler óz iskerligin sanalı túrde shólkemlestire

aladı hám sociallıq qatnasıqlarda aktiv qatnasadı. Kerisinshe, tartınshaqlıq, passivlik yamasa ózin tómen bahalaw sıyaqlı qásiyetler adaptaciya procesin páseytedi, sebebi bul jaǵdayda student jańa ortalıqqa isenimsizlik penen qatnas jasaydı hám sociallıq baylanıslardı shekleydi [1, 939-942].

Usı kózqarastan, psixolog alımlardıń ilimiy kózqarasları da usı máseleniń mazmunın tereń ashıp beredi, yaǵnıy V. M. Karimova tárepinen studenttiń sociallıq-psixologiyalıq beyimlesiwi onıń kommunikativ aktivligi hám emocional turaqlılıǵına tikkeley baylanıslı bolıp, tap usı faktorlar jańa ortalıq penen nátiyjeli óz ara tásirdi támiyinleydi [3], sonıń menen birge, E. Ǵoziyev óz izertlewlerinde xarakter sıpatları, ásirese juwapkershilik hám erk-ıqrarlılıq studentlerdiń oqıw xizmetine tabıslı beyimlesiwinde sheshiwshi rol oynayıwın tiykarlaydı [4], bunnan tısqarı, M. G. Davletshin temperamenttiń biologiyalıq tiykari ekenligin ayrıqsha kórsetedi [2].

Bunnan tısqarı, temperament hám xarakter óz ara úzliksiz baylanıslı bolıp, olar birgelikte shaxstıń adaptaciyalıq strategiyasın qáliplestiredi, yaǵnıy temperament biologiyalıq tiykardı belgilese, xarakter usı tiykarda qáliplesetuǵın minez-qulıqtı basqaradı, nátiyjede olardıń úylesimliligi studenttiń jańa ortalıqqa beyimlesiw dárejesin belgileydi. Máselen, sangvinik temperament hám unamlı xarakter qásiyetlerine iye student tez hám nátiyjeli beyimlesedi, kerisinshe, melanxolik temperament hám tómen ózine-ózi baha beriw kombinaciyası beyimlesiw procesin qıyınlastıradı, sonıń menen birge, flegmatik temperament hám joqarı juwapkershilik úylesimi áste, biraq turaqlı beyimlesiwdi támiyinleydi.

Sol sebepli, joqarı oqıw orınlarında studentlerdiń individual-psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alǵan halda beyimlesiw procesin qollap-quwatlaw úlken áhmiyetke iye boladı, yaǵnıy psixologiyalıq diagnostika, individual qatnas, treningler hám sociallıq beyimlesiw baǵdarlamaların engiziw zárúr boladı.

Juwmaqlap aytqanda, 1-kurs studentleriniń adaptaciyasında temperament hám xarakter sheshiwshi faktorlar sıpatında kórinedi, sebebi bir tárepten temperament adaptaciyanıń biologiyalıq tezligi hám dinamikasın belgilese, ekinshi tárepten xarakter onıń baǵdarı hám turaqlılıǵın támiyinleydi, sonday-aq, olar óz-ara úylesimli halda studenttiń jańa ortalıqqa beyimlesiw dárejesin belgileydi, sol sebepli zamanagóy bilimlendiriw procesinde usı faktorlardı tereń esapqa alıw áhmiyetli pedagogikalıq-psixologiyalıq wazıypa esaplanadı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Abdurahim Abdug’Afforov (2026). Temperament va xarakter: shaxsning individual-tipologik xususiyatlarini o‘rganish. Science and Education, 7 (1), 939-942.
2. Davletshin M.G. Umumiy psixologiya. – Toshkent: O'qituvchi, 2002.
3. Karimova V.M. Ijtimoiy psixologiya. – Toshkent: TDPU, 2015. – 280 b
4. G'oziyev E. G'. Ijtimoiy psixologiya. – Toshkent., 2010.
5. Shuhratjon Shukurjon O‘G‘Li Yoqubjanov, & Dilafruz Oribboyeva (2025). Temperament va xarakter shakllanishida ijtimoiy omillarning roli. Science and Education, 6 (12), 727-732.